



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPÒ FLOTE ADEMI MA POU ONORE MEMWA  
AJAN DAVIS**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òdone jodi a pou ke drapo yo nan tout batiman gouvènmantal eta yo flote a demi ma kòmanse apati Mèkredi 10 Jiyè rive jou antèmman an, an onè a Manm Patwouy Lapolis Eta New York lan Joel R. Davis.

“Tout fanmi New York lan okonplè chagren jodi a pou Manm Patwouy Joel Davis, ke yo te tire sou li epi tiye li nan travay li nan Dimanch swa nan Theresa, Konte Jefferson”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Manm Patwouy Davis te travay kòm yon manm nan Lapolis Eta New York lan pandan kat ane, epi lanmò li se ankò yon lòt rapèl tris sou danje ke ofisyè fòs lapolis yo ap fè fas a yo chak jou nan objektif pou kapab pwoteje kominote nou yo, epi sèvi abitan ki nan gwo eta sa. Mwen mande tout Nouyòkè yo pou yo kenbe fanmi Manm Patwouy Davis, moun ki renmen li yo ak kòlèg li yo nan priyè yo pandan peryòd ki enkwayableman difisil sa.”

Manm Patwouy Davis te viv nan Konte Oneida epi li te viv bò kote madanm li ak twa timoun.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418